

Konnen Dwa Ou Yo

Pwoteksyon ak Resous pou Imigran ak Refijye



Gouvènman Konte Cook pran angajman pou sèvi tout rezidan ak travayè yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon oswa sitwayènte yo. Kòm dezyèm pi gwo konte nan Etazini, kote 21% nan rezidan yo se moun ki fèt lòt peyi, nou bay divès sèvis ak pwoteksyon pou tout imigran nan tout konte a.

Nan Gouvènman Konte Cook, ou gen dwa pou:

Reprezantasyon Legal Kont Depòtasyon.

Biwo Defansè Piblik Konte Cook (Cook County Public Defender's Office) defann tout imigran, kèlkeswa estati yo, nan Tribinal Imigrasyon Chicago pou anpeche depòtasyon yo.



Jwenn yon Avoka Gratis.

Moun ki arete yo ka rele Biwo Defansè Piblik Konte Cook nan 844-877-4448 pou jwenn reprezantasyon legal gratis nan pòs polis la, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a.



Sèvis Èd Legal Gratis pou Pwoblèm Kay ak Dèt.

Tout imigran nan Konte Cook, kèlkeswa sitiyasyon yo, ka jwenn asistans legal gratis si yo gen pwoblèm degèpisman, sezi kay, dèt konsomatè, oswa pwoblèm taks sou pwopriyete.



Jwenn Aksè nan Sèvis Sante Konte Cook.

Tout imigran k ap viv nan Konte Cook, kèlkeswa estati yo, ki gen laj 19 a 64 an, kapab aplike pou asirans sante atravè CareLink, yon pwogram gratis ki ede peye pri swen sante nan etablisman sante Konte Cook yo.



Konnen Dwa Ou Yo

Pwoteksyon ak Resous pou Imigran ak Refijye



Liy Telefòn pou Referans ak Resous.

Rele 2-1-1 pou jwenn resous pou manje, lojman, ak lòt bagay ankò.



Pwoteksyon Kont Diskriminasyon.

Si ou kwè yo vyole dwa ou yo, ou ka pote plent nan Komisyon Dwa Moun Konte Cook a.

Tout imigran, kèlkeswa estati yo, pwoteje kont move tretman nan travay oswa lè yo refize yo lojman akòz estati sitwayènte yo, peyi kote yo soti, lang yo pale, oswa pratik/tradisyon kiltirèl yo.



SÈVIS ENTÈPRETASYON AK TRADIKSYON KONTE COOK

Si anglè pa premye lang ou, ou ka mande yon entèprèt lè w vizite biwo Konte Cook yo. Ou ka mande dokiman ki enprime yo tou nan lòt lang, tankou Panyòl, Polonè, Arab, Chinwa, Oudou, ak Tagalòg.

Pou plis enfòmasyon sou resous Konte Cook pou imigran yo, vizite Paj Entènèt Resous Imigrasyon nou an.

